Betti PDF ta'rizde ju'klep ali'w (71 Kb) Versiyasi' Betti doc ta'rizde ju'klep ali'w (71 KB)

# «Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda deputatti' shaqi'ri'p ali'w ta'rtibi haqqi'nda» Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Ni'zami'

**1-statya.** Deputatti' shaqi'ri'p ali'wg'a tiykarlar.
Wo'zbekstan Respublikasi', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi' ha'm ni'zamlari'n buzatug'i'n, deputatli'q minnetlerin wori'nlamaytug'i'n yamasa basqa tu'rde saylawshi'lardi'n', sonday-aq woni' deputatli'qqa talaban yetip usi'ng'an uyi'mni'n' isenimin aqlamaytug'i'n Joqarg'i' Ken'estin', xali'q deputatlari' rayonli'q, qalali'q Ken'eslerinin' deputati' usi' Ni'zam menen belgilengen ta'rtipte shaqi'ri'p ali'ni'wi' mu'mkin.

**2-statya.** Deputati' shaqi'ri'p ali'w haqqi'nda usi'ni's.
Joqarg'i' Ken'estin', xali'q deputatlari' rayonli'q, qalali'q Ken'eslerinin' deputati'n shaqi'ri'p ali'w haqqi'nda usi'ni's deputatli'qqa talabandi' usi'ng'an tiyisli uyi'm yamasa tiyisli saylaw wokruginin' saylawshi'lari' ta'repinen beriledi.

**3-statya.** Deputatli'qqa talabandi' usi'ng'an uyi'mni'n' Joqarg'i' Ken'estin' deputati'n shaqi'ri'p ali'w za'ru'rligi haqqi'nda sheshimi.
Usi' Ni'zamni'n' 1-statyasi'nda na'zerde tuti'lg'an tiykarlar bar bolg'an jag'dayda deputatli'qqa talabandi' usi'ng'an tiyisli uyi'm-siyasiy partiyani'n' joqarg'i' yamasa wol ta'repinen wa'killik berilgen uyi'mi', xali'q deputatlari' rayonli'q, qalali'q Ken'esleri Joqarg'i' Ken'estin' deputati'n shaqi'ri'p ali'w za'ru'rligi haqqi'nda sheshim qabi'l yetiwi mu'mkin. Bul sheshim protokol yamasa protokoldan ko'shirme menen qosa Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Basli'g'i'na jiberiledi.
Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Basli'g'i' shaqi'ri'p ali'w haqqi'nda usi'ni's tiykarli' bolg'an jag'dayda, hu'jjetlerdi alg'an ku'nnen baslap won ku'nlik mu'ddet ishinde deputatti' shaqi'ri'p ali'w boyi'nsha dawi's beriwdi wo'tkeriw za'ru'rligi haqqi'nda sheshim qabi'l yetedi ha'm woni' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esine saylaw boyi'nsha Worayli'q saylaw komissiyasi'na jiberedi.
Worayli'q saylaw komissiyasi' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Basli'g'i'ni'n' sheshimin alg'an ku'nnen baslap won ku'nlik mu'ddet ishinde deputatti' shaqi'ri'p ali'w boyi'nsha wokruglik komissiya du'zedi, dawi's beriwdi belgileydi ha'm bul haqqi'nda Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' Basli'g'i'na ma'lim yetedi.

**4-statya.** Joqarg'i' Ken'estin' deputati'n shaqi'ri'p ali'w za'ru'rligi haqqi'nda saylawshi'lardi'n' sheshimi.
Usi' Ni'zamni'n' 1-statyasi'nda na'zerde tuti'lg'an tiykarlar bar bolg'an jag'dayda saylawshi'lar puqaralar ji'yi'ni'nda (wa'killer ji'ynali'si'nda) Joqarg'i' Ken'estin' deputati'n shaqi'ri'p ali'w za'ru'rligi haqqi'nda sheshim qabi'l yetiwi mu'mkin. Puqaralar ji'yi'ni' (wa'killer ji'ynali'si') bunday sheshimdi wog'an turg'i'nlardi'n' (delegatlardi'n') keminde u'shten yeki bo'legi qatnasqan jag'dayda g'ana qabi'l yetiwge huqi'qli' boladi'.
Puqaralar ji'yi'ni'ni'n' (wa'killer ji'ynali'si'ni'n') deputatti' shaqi'ri'p ali'w za'ru'rligi haqqi'nda sheshimi protokol yamasa protokoldan ko'shirme menen qosa Joqarg'i' Ken'es Basli'g'i'na jiberiledi, bul haqqi'nda deputatti' kandidatli'qqa usi'ng'an uyi'mg'a ma'lim yetiledi.
Joqarg'i' Ken'estin' Basli'g'i' shaqi'ri'p ali'w haqqi'nda usi'ni's tiykarli' bolg'an jag'dayda, hu'jjetlerdi alg'an ku'nnen baslap 10 ku'n mu'ddet ishinde tiyisli saylaw wokruginde Joqarg'i' Ken'estin' deputati'n shaqi'ri'p ali'w haqqi'nda usi'ni'sti' talqi'law boyi'nsha ji'ynali'slar wo'tkeriw za'ru'rligi haqqi'nda sheshim qabi'l yetedi.
Shaqi'ri'p ali'w haqqi'nda usi'ni'sti' dodalaw boyi'nsha ji'ynali'slar Joqarg'i' Ken'es Basli'g'i' ta'repinen tiyisli sheshim qabi'l yetilgen waqi'ttan baslap 20 ku'n ishinde wo'tkeriledi. Dodalaw tamamlang'an ku'nnen son' bes ku'n mu'ddet ishinde shaqi'ri'p ali'w haqqi'nda usi'ni'sti' quwatlag'an saylawshi'lardi'n' dizimi, wolardi'n' ma'kan jaylari' ko'rsetilip, Joqarg'i' Ken'estin' Basli'g'i'na jiberiledi.
Joqarg'i' Ken'estin' deputati'n shaqi'ri'p ali'w haqqi'nda usi'ni'sti' quwatlag'an wokrug saylawshi'lari'ni'n' sani' saylaw ku'nine dizimge kirgizilgen saylawshi'lardi'n' uli'wma sani'ni'n' keminde 5 procentin qurawi' tiyis.
Joqarg'i' Ken'es Basli'g'i' usi' Ni'zamni'n' buzi'li'wlari' bolmag'an jag'dayda, saylawshi'lardi'n' dizimin alg'an ku'nnen baslap won ku'nlik mu'ddet ishinde deputatti' shaqi'ri'p ali'w boyi'nsha dawi's beriwdi wo'tkeriw za'ru'rligi haqqi'nda sheshim qabi'l yetedi ha'm woni' Worayli'q saylaw komissiyasi'na jiberedi.
Worayli'q saylaw komissiyasi' Joqarg'i' Ken'es Basli'g'i'ni'n' sheshimin alg'an ku'nnen baslap won ku'nlik mu'ddet ishinde deputatti' shaqi'ri'p ali'w boyi'nsha wokruglik komissiya du'zedi, dawi's beriwdi belgileydi ha'm bul haqqi'nda Joqarg'i' Ken'estin' Basli'g'i'na ma'lim yetedi.

**5-statya.** Xali'q deputatlari' rayonli'q, qalali'q Ken'esinin' deputati'n shaqi'ri'p ali'w za'ru'rligi haqqi'nda sheshim.
Usi' Ni'zamni'n' 1-statyasi'nda na'zerde tuti'lg'an tiykarlar bar bolg'an jag'dayda deputatli'qqa talabandi' usi'ng'an tiyisli uyi'm – siyasiy partiyani'n' rayonli'q, qalali'q uyi'mi' yamasa saylawshi'lar puqaralar ji'yi'ni'nda (wa'killer ji'ynali'si'nda) deputatti' shaqi'ri'p ali'w za'ru'rligi haqqi'nda sheshim qabi'l yetiwi mu'mkin. Puqaralar ji'yi'ni'ni'n' (wa'killer ji'ynali'si'ni'n') toli'q huqi'qli'g'i' «Puqaralardi'n' wo'zin-o'zi basqari'w uyi'mlari' haqqi'nda»g'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Ni'zami' menen belgilenedi.
Deputatti' kandidatli'qqa usi'ng'an uyi'mni'n' yamasa saylawshi'lardi'n' deputatti' shaqi'ri'p ali'w za'ru'rligi haqqi'nda sheshimi protokol yamasa protokoldan ko'shirme menen qosa xali'q deputatlari'ni'n' tiyisli rayonli'q, qalali'q Ken'esine jiberiledi.
Deputatti' shaqi'ri'p ali'w haqqi'ndag'i' usi'ni's tiykarli' bolsa, xali'q deputatlari' rayonli'q, qalali'q Ken'esi hu'jjetler ali'ng'an ku'nnen baslap bes ku'nlik mu'ddet ishinde deputtati' shaqi'ri'p ali'w boyi'nsha dawi's beriwdi wo'tkeriwdin' za'ru'rligi haqqi'nda sheshim qabi'l yetedi ha'm de woni' rayonli'q, qalali'q saylaw komissiyasi'na jiberedi.
Rayonli'q, qalali'q saylaw komissiyasi' xali'q deputatlari' rayonli'q, qalali'q Ken'esinin' sheshimi ali'ng'an ku'nnen baslap bes ku'nlik mu'ddet ishinde deputatti' shaqi'ri'p ali'w boyi'nsha wokrug komissiyasi'n du'zedi, dawi's beriw ku'nin belgileydi ha'm bular haqqi'nda xali'q deputatlari' rayonli'q, qalali'q Ken'esine ma'lim yetedi.

**6-statya.** Deputatti'n' woni' shaqi'ri'p ali'w ma'selesin qarawdag'i' huqi'qlari'ni'n' kepillikleri.
Joqarg'i' Ken'estin' Basli'g'i', Worayli'q saylaw komissiyasi', xali'q deputatlari'ni'n' tiyisli rayonli'q, qalali'q Ken'esi u'sh ku'n mu'ddetten keshiktirmey shaqi'ri'p ali'w tuwrali' usi'ni's haqqi'nda deputatqa kelip tu'sken hu'jjetlerden ko'shirme menen qosa jazba tu'rde bildiriw jiberedi.
Deputat saylawshi'lar menen ushi'rasi'wg'a, wo'zin shaqi'ri'p ali'w haqqi'ndag'i' ma'sele qarali'p ati'rg'an ji'ynali'slarda, sessiyalarda ha'm ma'jilislerde qatnasi'wg'a ja'ne wo'zin qorg'ap shi'g'i'p so'ylewge haqi'li'.
Deputatti' shaqi'ri'p ali'w haqqi'nda ma'seleni qoyi'wg'a sebep bolg'an wo'tirik mag'li'wmatti' bile turi'p bergen puqaralar ni'zam talaplari'na muwapi'q juwapkershilikke tarti'ladi'.

**7-statya.** Deputatti' shaqi'ri'p ali'w ma'selesi boyi'nsha dawi's beriwdi belgilew.
Joqarg'i' Ken'estin' deputati'n shaqi'ri'p ali'w ma'selesi boyi'nsha dawi's beriw ku'ni Qaraqalpaqstan Respublikasi' Worayli'q saylaw komissiyasi'

ta’repinen belgilenedi.
Xali’q deputatlari’ rayonli’q, qalali’q Ken’esi deputati’n shaqi’ri’p ali’w ma’selesi boyi’nsha dawi’s beriw tiyisli rayonli’q, qalali’q saylaw komissiyasi’ ta’repinen belgilenedi.
Deputatti’ shaqi’ri’p ali’w boyi’nsha dawi’s beriw ku’ni tiyisli wokruglik komissiya du’zilgen ku’nnen son’ keminde bir aydan keyin belgileniwi tiyis.
Dawi’s beriw ku’ni haqqi’nda wol belgilengennen keyin u’sh ku’nnen keshiktirmey jergilikli g’alaba xabar qurallari’ arqali’ xabarlandi’ri’ladi’.

**8-statya.** Deputatti’ shaqi’ri’p ali’wdi’ «jaqlap» yamasa wog’an «qarsi’» u’git-na’siyat ju’rgiziw.
Dawi’s beriwdi wo’tkeriw ku’ni belgilengennen keyin saylawshi’larg’a deputatti’ shaqi’ri’p ali’wg’a baylani’sli’ ma’selelerdi yerkin ha’m ha’r ta’repleme talqi’law mu’mkinshiligine kepillik, sonday-aq deputatti’ shaqi’ri’p ali’wdi’ «jaqlap» yamasa wog’an «qarsi’» tosqi’nli’qsi’z u’git-na’siyat ju’rgiziw huqi’qi’ beriledi.
Dawi’s beriw ku’ni u’git-na’siyat ju’rgiziwge jol qoyi’lmaydi’.

**9-statya.** Dawi’s beriwdi wo’tkeriw ushi’n komissiyalar ha’m uchastkalar. Saylawshi’lar dizimi.
Deputatti’ shaqi’ri’p ali’w boyi’nsha jumi’sti’ sho’lkemlestiriw tiyisli wokruglik komissiyag’a ju’klenedi.
Deputatti’ shaqi’ri’p ali’w ma’selesi boyi’nsha dawi’s beriwdi sho’lkemlestiriw ha’m wo’tkeriw ushi’n dawi’s beriwden keminde jigirma bes ku’n buri’n dawi’s beriw ushi’n uchastkalar du’ziledi ha’m keminde jigirma ku’n buri’n uchastkali’q komissiyalar du’ziledi.
Saylawshi’lardi’n’ dizimi g’alaba tani’si’p shi’g’i’w ushi’n dawi’s beriw ku’ninen keminde won ku’n buri’n usi’ni’ladi’.
Uchastkalardi’n’ ha’m komissiyalardi’n’ du’ziliwi, komissiyalardi’n’ wa’killikleri, saylawshi’lardi’n’ dizimin du’ziw «Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esine saylaw haqqi’nda», «Xali’q deputatlari’ni’n’ rayonli’q ha’m qalali’q Ken’eslerine saylaw haqqi’nda» Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ni’zamlari’nda belgilengen ta’rtipte a’melge asi’ri’ladi’.
Wokruglik ha’m uchastkali’q komissiyalardi’n’ wa’killik mu’ddeti deputatti’ shaqi’ri’p ali’w boyi’nsha dawi’s beriwdin’ juwmaqlari’ shi’g’ari’lg’annan keyin tamam boladi’.

**10-statya.** Dawi’s beriw ushi’n byulleten.
Shaqi’ri’p ali’w ma’selesi boyi’nsha dawi’s beriw ushi’n byulletende deputatti’n’ familiyasi’, ismi, a’kesinin’ ismi, tuwi’lg’an ji’li’, partiyali’li’g’i’, iyelep turg’an lawazi’mi’ (ka’sip tu’ri) menen qosa ko’rsetiledi.
Byulleten ma’mleketlik tilde, sonday-aq tiyisli wokruglik komissiyani’n’ sheshimi menen saylaw wokruginin’ ko’pshilik xalqi’ paydalanatug’i’n tillerde basi’ladi’.

**11-statya.** Deputatti’ shaqi’ri’p ali’w ma’selesi boyi’nsha dawi’s beriw.
Deputatti’ shaqi’ri’p ali’w ma’selesi boyi’nsha dawi’s beriw jasi’ri’n boli’p tabi’ladi’ ha’m «Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esine saylaw haqqi’nda»g’i’, «Xali’q deputatlari’ qalali’q, rayonli’q Ken’eslerine saylaw haqqi’nda»g’i’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ ni’zamlari’ni’n’ talaplari’na muwapi’q wo’tkeriledi.
Dawi’s beriw waqti’nda saylawshi’, yeger deputatti’n’ wa’killiklerin saqlap qali’wdi’ jaqlap dawi’s berse, byulletende woni’n’ familiyasi’n qaldi’radi’, yeger deputatti’ shaqi’ri’p ali’wdi’ jaqlap dawi’s berse, woni’n’ familiyasi’n si’zi’p taslaydi’.

**12-statya.** Dawi’s beriw na’tiyjelerin ani’qlaw.
Dawi’s beriw na’tiyjeleri wokruglik komissiyani’n’ ma’jilisinde dawi’s beriwden keyingi ku’ni ani’qlanadi’, protokolg’a kirgiziledi ha’m tiyislisinshe Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Worayli’q saylaw komissiyasi’na, rayonli’q, qalali’q saylaw komissiyasi’na jiberiledi.
Dawi’s beriwge qatnasqan saylawshi’lardi’n’ yari’mi’nan ko’bi deputatti’ shaqi’ri’p ali’wdi’ jaqlap dawi’s berse, wol shaqi’ri’p ali’ng’an boli’p yesaplanadi’.
Yeger dawi’s beriwge qatnasqan saylawshi’lardi’n’ yari’mi’nan azi’ shaqi’ri’p ali’wdi’ jaqlap dawi’s berse, sonday-aq dawi’s beriwge dawi’s beriw ushi’n dizimge kirgizilgen saylawshi’lardi’n’ yari’mi’nan azi’ qatnassa shaqi’ri’p ali’w qabi’l yetilmegen boli’p yesaplanadi’.
Shaqi’ri’p ali’wdi’ «jaqlap» ha’m «qarsi’» berilgen dawi’slar ten’ bolg’an jag’dayda deputat wo’z wa’killiklerin saqlap qaladi’.
Ni’zamni’n’ buzi’li’wlari’na jol qoyi’li’wi’ sebebinen Worayli’q saylaw komissiyasi’ yamasa rayonli’q, qalali’q saylaw komissiyasi’ dawi’s beriwdin’ na’tiyjelerin haqi’yqi’y yemes dep tabi’wi’ mu’mkin. Bul jag’dayda qayta dawi’s beriw belgilenedi, wol usi’ Ni’zamni’n’ talaplari’n saqlaw menen yeki ha’ptelik mu’ddetten keshiktirilmey wo’tkeriledi.
Worayli’q saylaw komissiyasi’, tiyisli rayonli’q, qalali’q saylaw komissiyasi’ wokruglik komissiyadan kelip tu’sken protokol tiykari’nda bes ku’nlik mu’ddet ishinde dawi’s beriwdin’ na’tiyjelerin dizimge aladi’ ha’m wolar haqqi’nda jergilikli g’alaba xabar qurallari’ arqali’ xabarlaydi’.
Joqarg’i’ Ken’estin’ deputati’n shaqi’ri’p ali’w boyi’nsha dawi’s beriwdin’ juwmaqlari’ haqqi’nda Worayli’q saylaw komissiyasi’ Joqarg’i’ Ken’es Prezidiumi’na ma’lim yetedi, xali’q deputatlari’ rayonli’q, qalali’q Ken’esi deputati’n shaqi’ri’p ali’w boyi’nsha dawi’s beriw juwmaqlari’ haqqi’nda bolsa, rayonli’q, qalali’q saylaw komissiyasi’ tiyisli wa’killikli ha’kimiyat uyi’mi’ni’n’ basshi’si’na ma’lim yetedi.
Yeger dawi’s beriw na’tiyjesinde deputat shaqi’ri’li’p ali’nsa, woni’n’ wa’killikleri deputatti’ shaqi’ri’p ali’w boyi’nsha dawi’s beriwdin’ juwmaqlari’ dizimge ali’ng’an waqi’ttan baslap mu’ddetinen buri’n toqtati’lg’an boli’p yesaplanadi’.

**13-statya.** Dawi’s beriwdi wo’tkeriwge baylani’sli’ shi’g’i’nlar.
Deputatti’ shaqi’ri’p ali’w ma’selesi boyi’nsha dawi’s beriwge tayarli’q ha’m woni’ wo’tkeriwge baylani’sli’ shi’g’i’nlar respublikali’q yamasa tiyisli jergilikli byudjettin’ yesabi’nan wo’teledi.

**14-statya.** Usi’ ni’zamdi’ buzi’wlarg’a baylani’sli’ shag’i’m yetiw.
Usi’ ni’zamni’n’ buzi’lg’anli’g’i’na baylani’sli’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Worayli’q saylaw komissiyasi’na, tiyisli rayonli’q, qalali’q saylaw komissiyasi’na yamasa tikkeley sudqa shag’i’m yetiwi mu’mkin.

*Ko'rip shi'g'i'ldi':*